

ORÈ FÈY AK DECHÈ LAKOU 2025

AVRIL

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30			

ME

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	31

JEN

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30					

JIYÈ

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30	31		

OUT

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
				1	2	
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30
31						

SEPTANM

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30			

OKTÒB

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
		1	2	3	4	
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30	31	

NOVANM

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30						

DESANM

DI	LE	MA	MÈ	JE	VA	SA
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30	31		

- Ranmasaj Fèy ak dechè nan lakou
- Evènman zewo dechè pou depoze Sèvis konplè
- Sèvis jete zewo dechè pou omwen 2 kalite materyèl
- Depo dechè lakou

REMAK: Ranmasaj dechè fèy ak dechè lakou bò twotwa a se nan menm jou ak jou fatra ou a. Si ou gen de jou ranmasaj pa semèn, koleksyon dechè fèy ak lakou a se nan premye jou ranmasaj ou nan semèn nan.

LOKAL AK DAT ZERO DECHÈ POPUP YO

- 12 Avril | 58 Dana Ave, Hyde Park | 8:30 am - 12 pm
- 25 oktòb | 338 E Eagle St, East Boston | 8:30 am - 12 pm
- 8 Novanm | 327 Forest Hills St, Jamaica Plain | 8:30 am - 12 pm

DEPO DECHÈ LAKOU YO

- 6 Desanm | 416 American Legion Hwy, Mattapan | 8:30 am - 12 pm

DAT AK LOKAL JOU DEPO ZERO DECHÈ

- 17 Me | 400 Frontage Rd | Santral PWD Etablisman | 8:30 am - 12 pm
- 28 jen | 315 Gardner St | W. Roxbury PWD | 8:30 am - 12 pm
- Out 16 | 315 Gardner St | W. Roxbury PWD | 8:30 am - 12 pm
- 27 Septanm | 400 Frontage Rd | Santral PWD Etablisman | 8:30 am - 12 pm

PYE BWA NWÈL

Nou ranmanse pye bwa nwèl bò twotwa yo nan jou nòmal pou ranmanse fatra w la apati 29 Desanm 2025 rive 9 Janvyè 2026. Si w gen de jou ranmase fatra chak semèn, yo ap ranmase pye bwa nwèl ou yo nan premye jou ranmanse fatra w la nan semèn nan.

CID RESIKLAJ AK FATRA 2025
Boston.gov/zero-waste
Vil Boston pran angajman pou l bay rezidan yo zouti nesese pou yo jere ak diminye dechè. Gade yon lis konplè pwogram anndan bwèchi sa oswa aprann plis nan boston.gov/zero-waste.

GENYEN YON NOUVO
POUBÈL NAN VIL LA

*Pou rezidan Boston ki nan bilding ki gen 6 apatman oswa mwens yo.



Enskri jodi a nan pwogram ranmanse dechè manje bò twotwa Boston an GRATIS nan: bostoncomposts.com



KONPÒS FÈY AK DECHÈ LAKOU

Depoze fèy ak fatra lakou ou yo nan evènman Zero Dechè yo oswa mete yo bò twotwa a Nan jounen yo ranmase fatra pandan semèn fèy ak déchè lakou yo.

Aprann plis nan boston.gov/yard-waste

- Ranmase pye bwa Nwèl bò twotwa yo ap fèt nan premye jounen fatra ou a ki pwograme chak semèn apati 29 Desanm 2025 - 9 Janvyè 2026. Yo p ap ranmase okenn pye bwa Nwèl ki gen limyè, dekorasyon oswa ki nan yon sachè plastik. *Okenn déchè lakou pa p ranmase pandan peryòd sa a.*
- Branch bwa yo pa dwe plis ke longè 3 pye, gwo 1 pous, epi yo dwe mare ak yon fil.
- Sachè plastik, pousyè tè ak pay pa akseptab epi yo p ap ranmase yo.



RANMASE FATRA

Fatra yo dwe bò twotwa a avan 6 am nan jou yo ranmase fatra ki pwograme a, oswa aprè 5pm nan lavèy jounen an. Aprann plis nan boston.gov/trash-and-recycling

- Nou aksepte mèb bò twotwa a. Vil la pa ranmase okenn debri oswa materyèl konstriksyon.
- Barik, sachè fatra, ak nenpòt bagay pou ranmase fatra bò twotwa a PA dwe peze plis pase 50 liv.
- Vil la rekòmande pou pa mete sak fatra yo dirèkteman sou twotwa a. Mete sak fatra nan resipyan yo ede evite bèt wonjè vin ladan yo.



RESIKLAJ

Mete metal, vè, papye, plastik di ak katon bò twotwa a avan 6 am nan jou ranmase fratra w la, oswa aprè 5pm nan lavèy jounen an. Chèche nan repètwa aplikasyon Trash Day la pou chèche konnen kijan pou jete bagay ou pa vle yo. Aprann plis nan boston.gov/recycling

- Tanpri rense veso manje yo lejèman avan ou resikle yo.
- Bwat pitza, kèlkeswa nivo grès la, yo aksepte yo nan pwogram resiklaj Boston an.
- Nenpòt bwat katon ki pa antre nan poubèl ble a dwe aplati, pake epi mare ak fisèl. Li pa dwe depase longè 3 pye. Tanpri koupe bwat televizyon yo an ti moso pou mete yo nan poubèl ble a. Bwat yo PA dwe genyen Styrofoam oswa plastik. Yo pa aksepte sachè plastik ak Styrofoam nan resiklaj bò twotwa. Vil la sijere itilize sache makèt ki kapab itilize ankò olye de sachè ou ka itilize yon sèl fwa lè w ap fè makèt.



RANMASE MATLA

Tout matla yo oblije resikle dapre règleman MassDEP. Pou resikle matla oswa bwat matla w la, tanpri pran yon randevou pou yo vin ranmase l bò twotwa a. Pou plis enfòmasyon oswa pou pran yon randevou vizite boston.gov/mattress

- Yo toujou aksepte kanape ak pwoteksyon matla yo nan ranmase fatra ki fèt regilyèman bò twotwa a.
- Si w ap viv nan yon bilding ki gen plis pase 7 apatman tanpri kontakte yon transpòtè matla prive oswa mande jeran bilding ou an kòman pou w resikle on matla.



REKIPERASYON TWAL

Bay twal yon dezyèm vi! Pote yo nan yon bwat depo oswa pran yon randevou pou ranmase twal ak ti bagay nan kay. Aprann plis nan boston.gov/textiles

- Tanpri asire w ke tout twal yo pwòp, sèk, epi san odè.



DEPO ZERO DECHÈ NAN JOUNEN AN

Depoze materyèl déchè danjere lakay ou ak kèk déchè ki entèdi nan evènman ranmasaj nou yo pandan tout ane a. Aprann plis nan


boston.gov/zero-waste-day

- Vil la òganize Jounen Zewo Dechè ki aksepte: batri machin, penti lwil, twal ak rad, batri ityòm, anpoul, elektwonik, ak papye pou chire.
- Vil la òganize tou Pop-ups Zero Dechè pou byen jete sèten déchè danjre nan kay ak kèk déchè ki entèdi. Evènman sa yo pral bay sèvis jete bagay pou omwen 2 diferan kalite materyèl. **Tcheke paj evènman yo sou entènèt pou wè ki materyèl yo ap ranmase nan chak pop-up!**



KONPÒS DECHÈ MANJE

Ede diminye aktivite wonjè yo! Enskri pou ranmasaj déchè manje gratis, bò twotwa a oswa jwenn barik depo konpòs kominotè ki pi pre w la. Aprann plis nan boston.gov/food-waste



KOLEKSYON BAGAY ESPESYAL

Ale nan: boston.gov/special-item-collection pou pran yon randevou pou pase ranmase aparèy sa yo.

- Televizyon
- Glasyè dlo
- Èkondisyone
- Dezimidifikatè
- Frijidè*
- Ekran òdinatè
- Frizè*
- Laptòp

*Frijidè ak frizè yo dwe vid epi pòt yo dwe retire

Tanpri vizite Repètwa Zero Fatra Boston an pou jwenn sant retilizasyon, pwogram reprann, oswa gwoup medya sosyal ki bay bagay sa yo yon dezyèm vi: boston.gov/zero-waste-directory



TELECHAJE APP JOUNEN FATRA A

Telechaje gratis Aplikasyon Jounen Fatra a pou wè orè ranmase fatra w la, mete rapèl, epi resevwa notifikasyon sou chanjman orè yo. Chèche repètwa resiklaj ak fatra pou chèche konnen kijan pou jete bagay ou pa bezwen yo. Disponib sou Apple ak Google store.



Eskane kòd QR a pou telechaje